

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab dipedar ngeunaan kacindekan hasil panalungtikan jeung rékoméndasi keur panalungtikan kahareupna.

5.1. Kacindekan

Tujuan ieu panalungtikan nyaéta ngadéskripsikeun struktur carita, ngadéskripsikeun aspek kajawaan, sarta ngajén luyu henteuna carita drama karya R. Hidayat Suryalaga pikeun dijadikeun bahan pangajaran drama di SMA/SMK/MA. Tina 27 carita drama karya R. Hidayat Suryalaga nu kapaluruh, dipilih tilu carita nu luyu jeung kamampuh basa siswa SMA/SMK/MA sarta eusi caritana réalis tur raket jeung kahirupan sapopoé. Tilu carita drama nu dipilih téh nyaéta “Pupuh Mijil Pada 82”, “Panti Jompo”, jeung “Nyai Arum Trésna Malati”.

Pamarekan nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan kualitatif. Sedengkeun métode nu digunakeun nyaéta métode déskriptif, kalayan ngagunakeun téknik studi dokuméntasi.

Lian ti medar ngeunaan struktur carita drama, dipedar ogé ngeunaan ringkesan carita jeung unsur-unsur naskah drama. Unsur-unsur naskah téh ngawengku babak, adegan, prolog, dialog, solilokui, asidé, jeung épilog. Tina tilu carita drama nu dianalisis, unsur-unsur naskah dramana teu lengkep. Naskah drama “Pupuh Mijil Pada 82” taya unsur prolog jeung solilokui, naskah drama “Panti Jompo” taya unsur aside jeung épilog, sedengkeun dina naskah drama “Nyai Arum Trésna Malati” taya unsur prolog jeung asidé.

Struktur carita drama nu dianalisis téh nyoko kana tiori Hasanuddin WS nu netélakeun yén struktur carita drama téh ngawengku 1) palaku, peran, jeung watek; 2) motivasi, konflik, kajadian, jeung galur; 3) latar jeung ruang; 4) basa; sarta 5) téma jeung amanat. Ngaran palaku carita-carita drama karya R. Hidayat Suryalaga ngagunakeun ngaran-ngaran umum nu nyoko kana watek, jenis kelamin, pagawéan, jeung peran palaku dina carita.

Sakabéh carita drama karya R. Hidayat Suryalaga téh reumbeuy ku atikan jeung ajén kahirupan boh nu sipatna pangajaran boh nu sipatna sindiran. Carita drama “Pupuh Mijil Pada 82” eusi caritana téh sindiran keur pamingpin nagara

nu leuwih ngutamakeun karaharjaan diri sorangan tibatan karaharjaan rayat, carita drama “Panti Jompo” ngajarkeun kawajiban anak nu kudu ngurus kolot, sedengkeun carita drama “Nyai Arum Trésna Malati” nyaritakeun kaweningan haté budak bungsu nu dipikacua ku dulur-dulurna.

Sanggeus analisis struktural, panalungtikan dituluykeun kana analisis aspek kajiwaaan ngagunakeun tiori psikologi pendidikan kalayan pamarekan humanisme. Ieu pamarekan nyoko kana tiori kabutuhan manusa nu ditétélakeun ku Maslow. Lima kabutuhan manusa téh katitén dina tilu carita drama nu dianalisis. Carita drama “Pupuh Mijil Pada 82” némbongkeun tokoh nu boga kabutuhan fisiologis (*physiological need*) jeung kabutuhan kaamanan (*safety need*), “Nyai Arum Trésna Malati” némbongkeun tokoh nu boga kabutuhan dipikanyaah (*belongingnes and love needs*), sedengkeun “Panti Jompo” némbongkeun tokoh nu boga kabutuhan kana harga diri (*self-esteem need*) jeung kabutuhan aktualisasi diri (*self actualization need*). Ku kituna, lima hirarki kabutuhan manusa bisa dicontoan ku tilu carita drama ieu.

Hasil panalungtikan carita-carita drama karya R. Hidayat Suryalaga téh satuluyna jadi tinimbangan dina raraga milih bahan ajar drama nu luyu keur jenjang SMA/SMK/MA, hususna kelas XII. Carita drama nu luyu keur bahan ajar dumasar kamandang Nasution nyaéta carita drama “Panti Jompo”. Ieu carita dipilih lantaran nyumponan tujuan pangajaran, mibanda ajén pikeun kahirupan manusa, mibanda ajén warisan ti entragan saméméhna, jeung aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmuan. Lian ti éta, carita drama “Panti Jompo” ogé nyoko kana téma adab ka kolot nu raket jeung kahirupan siswa sarta basa nu digunakeun dina ieu carita drama ogé teu garihal.

5.2. Rékomendasi

Dumasar hasil panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi nu bisa dilakukeun pikeun kamekaran panalungtikan satuluyna. Rékoméndasi nu disusun téh pikeun mahasiswa program studi Bahasa dan Budaya Sunda sarta pikeun guru basa Sunda di sakola.

1) Pikeun Mahasiswa Program Studi Bahasa dan Budaya Sunda

Panalungtikan ngeunaan carita drama téh can loba dilakukeun. Lian ti objéknahésé dipaluruh, carita drama Sunda ogé teu umum dipikawanoh ku masarakat. R. Hidayat Suryalaga téh kaasup pangarang carita drama nu paling produktif. Carita-carita dramana reumbeuy ku ajén-ajén kahirupan, tapi teu sakabéh carita dramana gampang dipikapaham. Ku kituna, diperlukeun ayana panalungtikan lanjutan ngeunaan carita-carita drama karya R. Hidayat Suryalaga utamana wanda carita drama suréalis.

2) Pikeun Guru Basa Sunda

Kamampuh jeung karep siswa diajar basa Sunda nu beuki nyirorot, ngabalukarkeun pangajaran basa Sunda jaman kiwari kudu leuwih kréatif jeung ngirut. Guru boga peran penting pikeun ngatur prosés pangajaran, kaasup milih bahan ajar. Bahan ajar nu dipilih kudu luyu jeung masalah-masalah nu disanghareupan ku siswa, sarta tetep merhatikeun ajén nu bisa jadi eunteung dina kahirupan.

Salasahiji matéri nu ngirut siswa téh nyaéta pangajaran drama. Ku kituna, guru kudu bisa milih bahan ajar drama nu luyu jeung kaayaan siswa. Ayana panalungtikan “Kumpulan Carita Drama Karya R. Hidayat Suryalaga Pikeun Bahan Alternatif Ajar Sastra Di SMA/SMK/MA (Tilikin Psikologi Pendidikan)” dipiharep bisa jadi référénsi guru waktu nangtukeun bahan ajar drama nu merenah.